

Konnen Sante Ou

Jwenn enfòmasyon ou sante ou bezwen nan MedlinePlus. Konnen maladi, medikaman, rechèch, ak lòt pwoblèm santré ki enpòtan. Li enfòmasyon sou sante nan lang matènèl ou.



<http://medlineplus.gov>

Itilize Sa Ou Aprann

Tout moun kapab itilize bon enfòmasyon sou sante. Avèk MedlinePlus, ou kapab:

- Ede yon zanmi oswa yon manm fanmi pran yon desizyon sou sante
- Konnen plis chwa tretman pou anpil maladi.
- Konnen ki kesyon pou poze doktè ou
- Jwenn doktè, dantis, ak lopital ki nan zòn ou an!

Ou Bezwèn Èd?


Bibliyotekè yo kapab ede ou jwenn enfòmasyon sou sante ou pou ou kapab konnen kesyon ki kòrèk pou poze doktè you epitou pou pran bon desizyon. Ale nan bibliyotèk piblik zòn ou, rele biwo NN/LM gratis nan nimewo **800-338-7657** oswa ale nan sit wèb la nan

<http://nnlm.gov>

Konsènan MedlinePlus

MedlinePlus se yon sit wèb ki ofri bon kalite enfòmasyon gratis sou sante nan lang **Angle**, **Panyòl**, ak nan plis pase 40 lòt lang. Pwofesyonèl ki fòme chwazi dokiman ki ajou, egzat ak fyab.

National Library of Medicine ki te kreye MedlinePlus pou konsomatè yo.



Se anplwaye NN/LM ki te devlope tiliv sa a; ou kapab repwodui tiliv la san pwoblèm nan Entènèt nan sit wèb:

<http://nnlm.gov/training/resources/mptri.pdf>

Dènye Mizajou: 10/2010




<http://medlineplus.gov>

Èske oumenm oswa yon manm fanmi ou te janm nan yon sitiayson tankou sa a?



Doktè Maria a te di 1 li genyen maladi dyabèt. Maria vle konnen plis sou medikaman pou ede li kontwole maladi.



Clara genyen yon devwa lekòl pou fè sou kòz maladi opresyon ak kijan maladi a trete.

Sa Ou Kapab Jwenn

Sijè sou Sante

Chèche Jwenn enfòmasyon sou maladi, eta sante ak fason pou rete ansante.

- Chèche konnen sa yon maladi fè nan kò ou ak kijan maladi a trete.
- Aprann etid klinik ou kapab patisipe pou ede jwenn yon gerizon.
- Chèche adrès òganizasyon ki esponsorize gwooup sipò yo ak enfòmasyon sou yon maladi oswa yon eta sante patikilye.
- **Nouvo!** Jwenn enfòmasyon sou sante nan plis pase 45 lang sou plizyè sijè sante.

Medikaman ak Sipleman

Chèche konnen preskripsyón ou, medikaman san preskripsyón, remèd fèy ak sipleman.

- Konnen kijan pou pran yon medikaman ak sa li fè nan kò ou.
- Chèche konnen efè segondè yon medikaman.
- Jwenn enfòmasyon sou sekirite ak efikasite remèd fèy ak sipleman yo.

Nouvèl

Li dènye nouvèl yo sou rechèch ki afekte sante ou.

- Konsène plizyè sijè tankou kansè, ipètansyon, ak vitamin.
- Yo ajoute nouvo atik yo chak jou, epitou w ap jwenn istwa ki disponib pou apeprè 90 jou.

Paj-Dakèy MedlinePlus: <http://medlineplus.gov>

Karakteristik Espesyal

Interactive Tutorials se dyaporama ki ba ou enfòmasyon sou yon eta sante oswa yon tès medikal.

Paj **Easy-to-Read** itilize langaj ki klè pou ede ou konprann maladi yo oswa eta sante yo.

Email Announcement Lists avize ou lè yo ajoute nouvo sijè nan sit wèb la.

Ansiklopedi Medikal

Ideyal pou fè devwadmezon pou lekòl! Ansiklopedi a genyen desen ak dyagram pou ede ou konprann mo medikal yo, tès medikal yo ak pwosedj medikal yo.

Enpòtan!

Pa blye pale avèk doktè ou oswa enfimyè ou si ou genyen kesyon sou sante ou!